

Resous COVID-19 pou Moun Ki Pa gen Papye osinon ki pa Asire

Eta New Jersey an konsantre pou asire l ke tout moun, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo ak/oswa si yo pa gen asirans sante, ke yo pwoteje nan epidemi an epi resevwa tès ak tretman ki apwopriye. Ou dwe pale ak yon pwofesyonèl medikal konsènan kilè ak kouman pou w chèche tès ak tretman. Tanpri li enfòmasyon sila yo avèk anpil atansyon:

Eske m kalifye pou tès COVID-19 la?

- ✓ Ou dwe abite nan New Jersey.
- ✓ Gen yon tous, lafyèv, ak souf kout.
- ✓ Ranpli **Verifikatè Sentom COVID-19 la nan <https://self.covid19.nj.gov/>** pou w wè si w dwe teste pou COVID-19 la. Zouti a pral ede w konnen ki aksyon w ka pran pou w pwoteje tèt ou ak sante moun ou renmen yo.

Ki kote mwen ka fè tès?

- 1** Sant Tès sou Machin. Li kondisyon pou chak sant tès yo anvan w soti lakay ou. Pou yon lis nan sit tès ak kondisyon yo vizite: <https://covid19.nj.gov/faqs/nj-information/testing-information/where-are-testing-centers-in-new-jersey>
Pri: Sa a **gratis**.
- 2** Sant Sante Federal ki Kalifye (FQHCs). Sant Sante Federal ki Kalifye yo (FQHCs) bay swen sante ak tès COVID-19 la san yo pa chaje tout moun ki pa gen asirans ak san yo pa konsidere kondisyon imigrasyon yo. Tanpri rele Sant Sante Federal Kalifye lokal ou a davans pou **disponiblite** ak **enstriksyon** yo. Ou ka jwenn yon lis Sant Sante Federal ki Kalifye yo nan: <https://www.nj.gov/health/fhs/primarycare/fqhc/>.
Pri: Sa a **gratis**.
- 3** Lopital - Pwogram Swen Charite. Pri egzamen COVID-19 yo pral anile pou moun ki pa gen asirans ki kalifye pou swen charite. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou Pwogram Swen Charite a sou: <https://www.nj.gov/health/charitycare/>. Ou dwe pale ak yon founisè medikal anvan w ale nan lopital lokal ou a.

Resous COVID-19 pou Moun Ki Pa gen Papye osinon ki pa Asire

Règleman Chaj Piblik:

Kisa ki Chaj Piblik la?

Kèk moun ki aplike pou yon kat vèt (rezidans pèmanan ki legal) oswa yon viza pou antre Ozetazini dwe pase yon tès "chaj piblik". Tès "chaj piblik la" mande pou yon moun montre ke yo pa gen anpil chans pou yo vin depann de pwogram espesifik gouvènman an. Nouvo tès chaj piblik la konsidere: Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP, EBT, Food Stamps), Lojman Piblik Federal ak Asistans seksyon 8, Medicaid (eksepte pou sèvis ijans, timoun ki poko gen 21 lane, fanm ansent ak nouvo manman yo), ak pwogram asistans lajan kach (tankou SSI, TANF, Asistans Jeneral). Tanpri verifiye avèk founisè sèvis legal ou a si w gen nenpòt kesyon.

Eske m kapab fè tès la malgre Règleman Chaj Piblik la?



Wi, Ofisyèl imigrasyon yo te konfime ke tès, tretman, ak swen prevantif ki gen rapò ak COVID-19 pa pral afekte de fason negatif analiz yon moun nan chaj piblik la.

Pou plis enfòmasyon sou COVID-19:

Tanpri vizite sant Enfòmasyon New Jersey a sou: <https://covid19.nj.gov/>.

Rele (Kesyon Jeneral sou COVID-19): 2-1-1
(7h am pou rive 11h pm)

Rele (Kesyon Klinik): 1-800-962-1253 (24 sou 24 / 7 jou sou 7)

Voye mesaj tèks NJCOVID nan 898-211 pou resevwa alèt yo

Liy Dirèk pou Sante Mantal: 866-202-4357
(8h am pou rive 8h pm)

